

## **SESULIH PITAKON ING BASA JAWA BANYUWANGEN**

**Wahyu Dwi Setiawan**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
wahyusetiawan2@mhs.unesa.ac.id

**Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### **Abstrak**

Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen minangka sesulih kang manjila ing antarane sesulih-sesulih liyane sing ana ing basa Jawa Banyuwangen. Bab kang manjila ngenani sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen, yaiku blegere kang beda kaya dene basa Jawa baku lumrahe, upamane sesulih pitakon nganggo tembung “ngapa” ing basa Jawa Banyuwangen owah dadi “apuwa”, banjur sesulih pitakon nganggo tembung “kepriye” owah dadi “kelendi”, lan sesulih pitakon nganggo tembung “apa”, dene ing basa Jawa Banyuwangen nganggo tembung “paran”.

Sesulih pitakon minangka tembung utawa frasa kang dadi sesulih wangsulan saka pitakon, mula sesulih pitakon iki dumunung sajrone ukara pitakon ing pitakon. Pitakon digunakake kanggo nggolek warta kang durung dimangerteni, kang diarani isine pitakon lan pitakon kang digunakake kanggo negesake, utawa ngukuhake bab utawa prakara kang wis dimangerteni, kang diarani tujuwane pitakon. Adhedhasar jlentrehan kasebut ing panliten iki dipunjerake ngenani sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan pitakone. Dene undere panliten yaiku (1) jinise sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan isine pitakon, lan (2) jinise sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan tujuwan pitakon. Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif kang asipat sinkronis. Dhata sajrone panliten iki yaiku sesulih pitakon, dene sumber dhata panliten iki yaiku ukara pitakon ing pitakon kang nggunakake basa Jawa Banyuwangen.

Panliten nggunakake dhasar triaspek sintaksis kang salaras karo teori transformasi generatif kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata. Dhata kasebut dijlentrehake nganggo metodhe dhistribusional utawa agih. Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan isine pitakon, lan tujuwane pitakon adhedhasar triaspek sintaksis ngasile 15 jinis sesulih pitakon. Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan isine pitakon ana 11 jinis, lan kanthi landhesan tujuwane pitakon ana 4 jinis sesulih pitakon.

**Tembung-tembung wigati:** Sesulih pitakon, isine pitakon, lan tujuwane pitakon.

### **PURWAKA**

Bageyan purwaka iki diprinci dadi patang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) watesane panliten, lan (4) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

#### **Landhesane Panliten**

Sesulih ing basa Jawa Banyuwangen iku ana sesulih purusa, sesulih pandarbe, sesulih panuduh, sesulih panyilah, lan sesulih pitakon. Ing antarane limang sesulih kasebut, ana sawijine sesulih kang mirunggan lan manjila yaiku sesulih pitakon ing Basa Jawa Banyuwangen. Diarani mirunggan, jalaran sesulih pitakon iki lumrahe mung ditemokake ing pitakon. Dene manjila jalaran ana panganggone sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kang beda karo basa Jawa lumrahe. Upamane kaya pitakon “Bapak nggawa paran?”. Sesulih pitakon sajrone ukara pitakon kasebut dituduhake nganggo basa Jawa Banyuwangen yaiku tembung “paran”, dene ing basa Jawa lumrahe nganggo tembung “apa”. Tembung kasebut diarani sesulih patanya jalaran minangka tembung kang nyulahi wangsulan arupa barang

kang digawa bapak. Saka pitakon kasebut bisa dimangerti yen panganggone sesulih pitakon basa Jawa Banyuwangen beda kaya dene basa Jawa lumrahe, saliyané sesulih pitakon kang nganggo tembung “paran” utawa “apa” uga ana saperangan sesulih pitakon kang beda blegere. Upamane kaya dene sesulih pitakon nganggo tembung “ngapa” ing basa Jawa Banyuwangen owah dadi “apuwa”, banjur sesulih pitakon nganggo tembung “kepriye” owah dadi “kelendi”.

Sesulih pitakon minangka tembung utawa frasa kang dadi sesulih wangsulan saka pitakon, mula sesulih pitakon iki dumunung sajrone ukara pitakon ing pitakon. Mula nalika nggunakake sesulih pitakon sajrone pitakon iku kudu cetha, jalaran ana saperangan sesulih pitakon kang blegere padha nanging bisa nuwuhake wangsulan kang beda, upamane pitakon “Jono nyangking paran?” lan “Paran Jono nyangking?”. Rongpitakon kasebut padha-padha nggunakake sesulih pitakon “paran” utawa “apa”, nanging rongpitakon kasebut nduweni karep kang beda. Ing pitakon kapisan ngener marang isine pitakon yaiku anane tembung “paran” utawa “apa” minangka

tembung kang dadi sesulih wangsulana arupa barang, yaiku bisa diwangsulani kanthi “Jono nyangking Tas”. Tembung “Tas” minangka barang kang disulih tembung “paran” utawa “apa” ing ukara pitakon kapisan. Dene ing pitakon kapindho, mung mbutuhake wangsulana “ya” utawa “ora”. Anane tembung “paran” utawa “apa” sajrone pitakon kapindho nduweni tujuwan mesthekake utawa nggenahake bab kang wis dingerteni sadurunge, yaiku “ngiyani” utawa “ngorani” yen Jono nglakoni pakaryan nyangking. Saka jletrehan rongpitakon kasebut bisa dimangerteni yen anane tembung “paran” utawa “apa” iku ora mesthi nyulih sajinis wangsulana, nanging bisa nuwuhake wangsulana kang beda. Bab iku gumantung pitakone, yaiku isine pitakon kanggo antuk warta utawa wangsulana saka bab kang durung dingerteni lan tujuwane pitakon kanggo nggenahake prekara kang dingerteni sadurunge. Mula pitakon kang digunakake iku bisa nggambarake bab kang disulih dening sesulih pitakon.

Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen isih durung ana sing nliti, akeh-akehe pamarsudi basa ngandharake sesulih pitakon ing basa Jawa umume, antarane panlitene Wedhawati (2001:242-244) lan Chaer (2008:90). Chaer kasil merang sesulih pitakon dadi nem jinis, yaiku (1) tembung sesulih pitakon “apa”, (2) tembung sesulih pitakon “Sapa”, (3) tembung sesulih “kenapa”, (4) tembung sesulih pitakon “pira”, (5) tembung sesulih pitakon “kepriye”, (6) tembung sesulih pitakon “ngedi utawa endi”. Dene panliten ing basa Jawa Banyuwangen wis tau diteliti, dening Masmoeljono (1986). Asil saka panliten iki mung ngandharake *variasi pragmatik*, lan ora ngrembug babagan tata urutan ukarane. Panliten iki mung njlentrehake aspek tindak tutur saben dhaerah ing Banyuwangi wae.

Panliten sadurunge akeh-akehe mung merang jinise sesulih pitakon adhedhasar panganggone ing pitakon kang nggunakake basa Jawa umum. Anane panliten ing basa Jawa Banyuwangen mung ngandharake aspek tindak tutur. Mula sajrone panliten iki diandharake lan dijlentrehake ngenani sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kang diperang lan dijlentrehake adhedhasar triaspek sintaksis. Tuladha sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kaya mangkene,

- (1) “Apuwa Wawan purik?”  
“Ngapa Wawan purik?”

Tuladha ing ndhuwur nuduhake yen sesulih pitakon dipanggoni tembung “apuwa”. Tembung kasebut nduweni wujud tembung pitakon, jalaran nyatakake pitakon ing ukara kasebut. Dene kalungguhane tembung sesulih “apuwa” utawa “ngapa” ing pitakon kasebut yaiku sesulih pitakon sebab, diarani mangkono jalaran tembung “apuwa” utawa “ngapa” dadi sesulih saka wangsulana arupa alasan utawa bab kang njalari Wawan

Purik. Mula bisa diarani yen tembung “apuwa” minangka sesulih pitakon sebab.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, mula topik panliten iki yaiku sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen. Panliten iki diandharake jinise sesulih pitakon kang dibage loro yaiku sesulih pitakon kanthi dhasar isine pitakon lan sesulih pitakon kanthi dhasar tujuwane pitakon. Panliten ngenani sesulih pitakon iki nggunakake dhata-dhata kanthi basa Jawa Banyuwangen. Dhata kang dijupuk banjur diowahi arupa tulisan kang nduweni pangangen-angen sing luwih, saengga yen ana panganggone basa sing strukture kurang pener bakal diowahi dhisik kanthi diedit basane. Panliten iki nggunakake triaspek sintaksis minangka cara kanggo merang lan njlentrehake sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen.

### **Punjer lan Undere Panliten**

Adhedhasar lelandhesane panliten ing ndhuwur, punjere panliten iki yaiku sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen. Saka punjer kasebut, mula underane panliten iki yaiku:

- 1) apa wae jinise sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan isine pitakon?
- 2) apa wae jinise sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan tujuwane pitakon?

### **Watesane Panliten**

Panliten iki diwatesi telung prekara, yaiku (1) panliten iki mung ngandharake ngenani sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen, (2) dhata panliten iki yaiku sesulih pitakon sajrone ukara pitakon ing basa Jawa Banyuwangen, mligine basa Jawa Banyuwangen kang digunakake ing kecamatan Cluring, Srono, lan Rogojampi, Kabupaten Banyuwangi. (3) Panliten iki nggunakake teori transformasi generatif kanggo njlentrehake dhata kang arupa sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen.

### **Panjentrehe Tetembungan**

Tetembungan sing digunakake ing panliten iki ana telu. Tetembungan kasebut yaiku (1) sesulih pitakon, (2) isine pitakon, lan (3) tujuwane pitakon. Andharan jangeke ing ngisor iki.

- 1) Sesulih pitakon yaiku tembung kang digunakake kanggo nyulih utawa nakokake sawijine bab (nomina utawa kang dianggep kontruksi nomina) (Chaer, 2008:10).
- 2) Isine pitakon iki minangka wujud ekspresi kang diwujudake kanthi ukara pitakon sing digunakake kanggo antuk warta ngenani bab utawa prekara kang durung dimangerteni. Lumrahe isine pitakon iki nggunakake pitakon *WH Question*.

- 3) Tujuwane pitakon yaiku pitakon kang nduweni karep utawa maksut kanggo negesake, nyethakake, nyatakake lan nemtokake pilihan ngenani bab kang dimangetei sadurunge. Lumrahe tujuwane pitakon iki nggunakake ukara pitakon kang mung mbutuhake wangsulan “ngiyani” utawa “ngorani” lan “mbenerake” utawa “nglerokake lan diwangsulni saka pilihan-pilihan kang ditawake ing pitakone.

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

Isine bab iki ngenani (1) konsep-konsep ing panliten iki, lan (2) teori kanggo panliten iki. Luwih cethane bisa dipriksa ing ngisor iki.

#### Konsep-Konsep ing Panliten Iki

Perangan iki diandharake ngenani konsep-konsep kang digunakake kanggo ngliti sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen. Sajrone panliten iki nggunakake rongkonsep, yaiku konsep ngenani sesulih pitakon lan pitakon. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

##### Sesulih Pitakon

Sesulih pitakon yaiku tembung kang digunakake kanggo nyulih utawa nakokake sawijine bab (nomina utawa kang dianggep kontruksi nomina) (abdul chaer 2008:10). Tembung sesulih kang dienggo minangka pemarkah pitakonan sajrone ukara pitakon (Moeliono, 1988:184).

##### Titikane Sesulih Pitakon

Sesulih pitakon iki minangka sub-kategori saka tembung sesulih (Sudaryanto 1991:90). Adhedhadar iku titikane tembung sesulih pitakon iki ora beda adoh karo tembung sesulih. Sudaryanto uga ngandharake yen tembung sesulih pitakon iki diarani wujud katutup amerga jinise sesulih pitakon iki mung winates. Sesulih pitakon nduweni titikan kang bisa dibedakake karo tembung liyane, bab kasebut jalaran Sesulih pitakon minangka tembung utawa frasa kang ora kawangun saka proses morfofonemik. Dene morfofonemik yaiku gumathoke rong morfem kang ndadekake owahe fonem (Adipitoyo, 1999). Mula sesulih pitakon nduweni titikan kang bisa dibedakake karo tembung liyane

Sesulih pitakon iki minangka subkategori saka tembung sesulih. Sesulih pitakon minangka jinise tembung utawa kategori katutup kang nduweni guna kanggo nyulih jinise tembung liya (Sudaryanto, 1991:90).

Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen nduweni blegger kang beda karo tembung sesulih ing basa Jawa lugu, nanging panganggone sajrone ukara pitakon padha karo sesulih pitakon ing basa Jawa lugu. Prekara selaras karo panemune (Adipitoyo, 2013) kang ngandharake yen sesulih pitakon ing basa jawa dhialek Surabaya Sub-

Dhialek Mojokerto uga nduweni saperangan blegger kang padha nanging panggone sajrone pitakon padha karo basa Jawa lugu.

Saka pamawas para pamarsudi basa ing ndhuwur bisa dimangerteni yen sesulih pitakon iku nduweni titikan minangka tembung utawa frasa kang lumrahe dumunung ing ukara pitakon. saliyane iku sesulih pitakon kasebut digunakake kanggo nyulih wangsulan kang dikarepake pitakone.

#### Jinise Sesulih Pitakon

Pamarsudi basa wis akeh sing ngandharake jinise sesulih pitakon, nanging anggane merang sesulih pitakon iki nduweni panemu dhewe-dhewe, mula antarane pamarsudi siji lan liyane beda-beda anggane merang jinise. Pamarsudi kang ngandharake jinis tembung sesulih pitakon antarane Abdul Chaer (2008: 90), dheweke merang dadi nem jinis, yaiku (1) tembung sesulih pitakon “apa”, (2) tembung sesulih pitakon “Sapa”, (3) tembung sesulih “kenapa”, (4) tembung sesulih pitakon “pira”, (5) tembung sesulih pitakon “kepriye”, (6) tembung sesulih pitakon “ngedi utawa endi”.

#### Pitakon

Pitakon saka pamawas sintaksis nduweni teges minangka entitas utawa wujud ukara kanthi jinis lan titikan tartamtu. Dene saka pamawas semantike, pitakon nduweni teges yaiku objek kang digambarake kanthi jinis ekspresi sintaksise. Tata urutan ukara kang digunakake sajrone pitakon nuduhake makna pitakone (Aloni, 2007:1). Saliyane iku Aloni uga ngandharake yen ukara pitakon iku digunakake kanggo nggolek warta utawa informasi kang diwujudake ing pitakonan guna antuk wangsulan kang trep.

Pitakon mujudake ekspresi pawongan kang gunakake kanggo nggolek warta, lan bisa digunakake kanggo tujuwan liya kang diwujudake kanthi ukara pitakon. Mula bisa dimangerteni yen pitakon nggunakake tata urutan sintaksis tartamtu kanggo antuk warta utawa bisa digunakake kanthi tujuwan liya.

#### Jinise Pitakon

Pitakon adhedhasar sintaksis lan semantike bisa diperang dadi loro, yaiku “ngiyani” utawa “ngorani” pitakon (*Yes or No Question/ Ya atau tidak pertanyaan*) lan *WH Question (pertanyaan 5W 1H)* yaiku pitakon kang digunakake kanggo antuk informasi babagan kang ora dingerteni dening pawongan kang takon. Pitakon “ngiyani” lan “ngorani” kasebut nduweni makna yen pawongan kang takon mung nduweni tujuwan kanggo mesthekake, utawa nyethakake bab kang dimangerteni. lumrahe pitakon “ngiyani” lan “ngorani” iki nggunakake

ukara pitakon kang ngemu wangsulan saka kang ditakokake, bab kasebut cundhuk karo panemune (Aloni, 2007:3).

#### a. Isine Pitakon

Isine pitakon iki minangka wujud ekspresi kang diwujudake kanthi ukara pitakon sing digunakake kanggo antuk warta ngenani bab utawa prekara kang durung dimangerteni. Sesulih pitakon kasebut digunakake kanggo ngener marang bab kang durung dimangerteni kasebut. kanggo antuk waro lumrahe nggunakake pitakon *WH Question (pertanyaan 5W 1H)*.

Saka andharan kasebut mula bisa dimangerteni yen isine pitakon iku minangka pitakon kanthi ukara pitakon kang digunakake kanggo antuk warta utawa informasi sing durung dimangerteni.

#### b. Tujuwane Pitakon

Tujuwane pitakon iki minangka pitakon kang nduweni karep utawa maksut kanggo negesake, nemtokake pilihan, nyethakake, lan nyatakake bab kang dimangetei sadurunge. Lumrahe tujuwane pitakon iki nggunakake ukara pitakon kang mung mbutuhake wangsulan “ngiyani” utawa “ngorani” lan “mbenerake” utawa “nglerokake lan diwangsul saka pilihan-pilihan kang ditawake ing pitakone.

#### Teori kanggo Panliten Iki

Teori sing digunakake ing panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Teori iki dianggep cundhuk kanggo keperluan subsistem sintaksis. Asumsi ngenani teori transformasi generatif miturut Chomsky sajrone Parera (1991:87) tata bahasa sajrone transformasi generatif kuwi metu saka metode kerja rasionalis lan nguji hipotesis-hipotesis sajrone empiris basa tartamtu. Chomsky banjur ngandharake anane postulat sing sabanjure diarani postulat Chomsky. Postulat kapisan yaiku beda antarane *competence performance*, antarane dhata warisan lan seserepan ngenani basa lan kabasan anggone nggunakake dhata. Kapindho yaiku bedane struktur batin (*deep structure*) lan struktur lair (*surface structure*). Bedane struktur batin lan struktur lair iki ngasilake tata carane paramasatra sing ndhasarake marang telung komponen. Katelu yaiku aspek kreatipe basa utawa sing diarani sipat dinamise basa. Ing postulat kaloro saka katelu kasebut nuduhake cara kerja teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif nduweni paradigma yaiku (1) sintaksis gandheng karo ukara lan tuturan sing bisa diresepi dening indrane manungsa minangka struktur sanjabane basa, (2) sajrone struktur batin ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar anane struktur batin kuwi, banjur struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhane. Katelu aspek kasebut disebut triaspek sintaksis (Adipitoyo, 2013).

#### TATA CARANE PANLITEN

Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku njlentrehake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2008:47).

Dhata panliten iki yaiku sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen, lan sumber dhata panliten iki yaiku ukara pitakon ing pitakon basa Jawa Banyuwangen. dhata ing panliten iki diklumpukake nggunakake metodhe semak lan cathet. Miturut Mahsun (2012:93) teknik cathet yaiku nyathet dhata-dhata sing wigati. Teknik cathet digunakake minangka wujud tumindak nyathet dhata ing kartu dhata sing wis kacawisake lan dibacutake miji-miji utawa ngandharake dhata kasebut (Sudaryanto, 1993:23).

Sawsie dhata diklumpukake banjur dijlentrehake nggunakake metodhe dhistribusional utawa agih. Metode dhistribusional yaiku metodhe njlentrehake dhata kanthi perangan saka basa kuwi dhewe dadi perangan sing nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe dhistribusional dinggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen.

Sawise diklumpukake lan dijlentrehake, dhata kasebut banjur disuguhake awujud jlentrehan asil panliten. Tata cara nyuguhake dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku tata cara nyuguhake dhata kanthi cara formal lan informal, jalaran panliten iki anggane nyuguhake dhata nggunakake angka-angka lan lambang-lambang, lan nggunakake tembung-tembung sing lumrah supaya bisa dimangerteni lan dipamahi dening pamaca.

#### JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN

Bageyan iki dipantha dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehane paniten, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asil panliten.

#### Andharan lan Jlentrehane Panliten

Andharan lan jlentrehan dhata ing panliten iki ana loro, yaiku (1) Sesulih pitakon kanthi landhesan isine pitakon, lan (2) Sesulih pitakon kanthi landhesan tujuwane pitakon..

#### A. Sesulih Pitakon ing Basa Jawa Banyuwangen kanthi Landhesan Isine Pitakon Adhedhasar Triaspek Sintaksis

Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan isine pitakon diperang dadi suwelas adhedhasar triaspek sintaksis. Luwih cethane bisa dipriksa ing ngisor iki.

## 1. Sesulih Pitakon Pawongan

Sesulih pitakon pawongan iki diperang maneh dadi loro adhedhasar cacah pawongan, yaiku a) sesulih pitakon pawongan jamak, lan b) sesulih pitakon tunggal. Luwih jangkepe ing ngisor iki

### a. Sesulih Pitakon Pawongan Jamak

Andharan ngenani sesulih pitakon pawongan jamak dituduhake ukara pitakon ing ngisor iki.

- (1) Sapa baen hang njuwut pelem?  
'sapa wae sing njupuk pelem?'

	<u>Sapa baen</u>	<u>hang njuwut pelem?</u>
W	Fr Pt	Fr Ar
G	Wa	Je
K	S Pt Pwn	Prg

Ukara ing ndhuwur nuduhake yen frasa "sapa baen" nduweni kalungguhan S Pt Pawongan. Tembung "sapa" sajrone frasa kasebut minangka sesulih wangsulan saka ukara pitakon kang arupa pawongan utawa jenenge pawongan. Dene tembung "baen" utawa "wae" nyethakake ukara pitakon kasebut kudu diwangsulni luwih saka siji. Frasa "sapa baen" utawa "sapa wae" minangka frasa kang dadi modus pitakon ing ukara pitakon kasebut, mula maujud Fr Pt. Saliyane iku frasa "sapa baen" minangka Fr Pt, kang nyulihni wangsulan arupa pawongan saka ukara pitakon kasebut. Fr Pt "sapa baen" dituduhake nduweni kalungguhan sesulih pawongan jamak, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkepe ing ngisor iki.

- (1a) *paran baen* hang njuwut pelem?  
'*Apa wae* sing njupuk pelem?'
- (1b) sapa baen *mlayune Arip*?\*  
'Sapa wae *mlayune Arip*?\*'

Sawise diowahi nganggo Fr Pt "paran baen" utawa "apa wae" ukara kasebut bisa sambung. Nanging makna saka ukara pitakon kasebut malih owah, sing sadurunge ing ukara pitakon 1 iku nakokake pawongan sing njupuk pelem, nanging sawise disulihni nganggo Fr Pt "paran baen" utawa "apa wae". Dene ukara 1b nuduhake owah-owahan frasa panggandhenge T Pt "sapa wae", nanging nalika diowahi mangkono ndadekake ukara pitakon kasebut ora sambung. Sawise dibuktekake mangkono mula dirasa trep yen Fr Pt "sapa baen" nduweni kalungguhan sesulih pitakon pawongan jamak.

### b. Sesulih Pitakon Pawongan Tunggal

Sesulih pitakon pawongan tunggal bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (2) Wati ngrabi sapa?  
'Wati ngrabi sapa?'

	<u>Wati</u>	<u>Ngrabi</u>	<u>sapa?</u>
W	T Ar	T Kr	T Pt
G	Je	Wa	Le
K	Prg	Kr Td	S Pt Pwn

Ukara ing ndhuwur nuduhake yen tembung "sapa" nduweni kalungguhan S Pt Pawongan. Tembung "sapa" kasebut minangka sesulih saka wangsulan ukara pitakon ing ndhuwur, yaiku wangsulan arupa pawongan utawa jenenge pawongan. Ukara pitakon ing ndhuwur nuduhake yen T Pt "sapa" nduweni kalungguhan sesulih pitakon pawongan. Prekara kasebut bisa dibuktekake jangkepe ing ukara ngisor iki.

- (2a) Wati ngrabi *sepira*?\*  
'Wati ngabi *sepira*?\*'
- (2b) Wati *kalah* sapa?\*'Wati *kalah* sapa?\*'\*

Anane owah-owahan ing telung ukara kasebut nuwuhake makna kang beda karo ukara sadurunge. Yen ukara 2 iku minangka T Pt "sapa" nduweni makna nyulihni wangsulan ngenani pawongan kang dirabi Wati. Dene sawise diowahi ukara 2a lan ukara 2b dadi ora sambung. ukara 2a nduweni T Pt "sapira" ora sambung nalika dinggo nakokake T Kr "ngrabi", Sawise dibuktekake mangkono nyata yen nalika disulihni kanthi T Pt liyane nuwuhake makna kang beda. Mula anane frasa "sapa baen" ing ukara 2 diarani sesulih pitakon pawongan dirasa trep.

## 2. Sesulih Pitakon Barang

Sesulih pitakon barang iki diperang maneh dadi loro adhedhasar cacah barang kang disulihni, yaiku a) sesulih pitakon barang jamak, lan b) sesulih pitakon barang tunggal. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

### a. Sesulih Pitakon Barang Jamak

- (3) Rika nggawa paran baen?  
'Kowe nggawa apa wae?'

	<u>Rika</u>	<u>nggawa</u>	<u>paran baen?</u>
W	T Ar	T Kr	Fr Pt
G	Je	Wa	Le
K	Prg	Kr Td	S Pt brg

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen ukara kasebut nyatakake pitakon, kang bisa dideleng kanthi anane frasa "paran baen" utawa "sapa wae". Minangka frasa kang nyatakake pitakon mula mujud Fr Pt. Fr Pt "paran baen" utawa "apa wae" dituduhake nduweni kalungguhan S Pt brg, amarga nyulihni wangsulan arupa barang kang cacah luwih saka siji. Kanggo mbuktekake yen frasa "sapa baen" nduweni kalungguhan S Pt brg kanthi ndeleng jlentrehan ing ngisor iki.

- (3a) Rika nggawa *sapa baen*?  
Kowe nggawa *sapa wae*?
- (3b) *Mlayune Joni* paran baen?\*'Mlayune Joni apa wae?\*'\*

Ukara pitakon 3a nduweni makna nakokake pawongan kang digawa, bab iku jalaran anane Fr Pt "paran baen" utawa "apa wae" kang disulihni karo Fr Pt "sapa baen" utawa sapa wae". Dene ing ukara pitakon 3b nuduhake ukara kang ora sambung jalaran Fr Kr "mlayune Joni" nalika digandhenge T Pt "paran wae" utawa "apa wae" ndadekake ukara pitakon kasebut ora

sambung. Sawise dibuktekake mangkono anane owah-owahan kasebut ndadekake ukara pitakon ora sambung lan nuwuhake makna kang beda, Mula dirasa trep yen Fr Pt “paran baen” utawa “apa baen” ing ukara pitakon kasebut nduweni kalungguhan S Pt Brg jamak.

### b. Sesulih Pitakon Barang Tunggal

Andharan lan jlentrehan ngenani sesulih pitakon barang tunggal bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (4) Antok nggawa paran?  
‘Antok nggawa apa?’

	<u>Antok</u>	<u>nggawa</u>	<u>paran?</u>
W	T Ar	T Kr	T Pt
G	Je	Wa	Le
K	Prg	Kr Td	S Pt brg

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen ukara pitakon kasebut ngemu tembung sesulih, kang bisa dideleng kanthi anane tembung “paran” utawa “apa”. Tembung kasebut nyatakake pitakon sajrone ukara ing ndhuwur, mula tembung “paran” dituduhake maujud T Pt. T Pt “paran” utawa “apa” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt brg, amerga tembung kasebut minangka sesulih wangsulan arupa barang, yaiku barang sing digawa Antok.

- (4a) Antok nggawa *kapan?*  
‘Antok nggawa *kapan?*’  
(4b) *Jebloke Antok* paran?\*  
‘*Jebloke Antok* apa?’\*

Ukara pitakon ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 4a owah-owahan dituduhake mapan ing T Pt “kapan”, nalika diowahi kaya mangkono ndadekake ukara maknane ukara owah. Dene ing ukara pitakon 4b owah-owahane dituduhake Fr Kr “jebloke Arip”, Fr Kr kasebut lumrahe kagandheng T Pt kang nakokae panggon, wayah, utawa alasan, nalika digandhengake T Pt “apa” nyata ora sambung. Sawise dibuktekake kaya mangkono, bisa diarani yen T Pt “paran” utawa “apa” sajrone ukara pitakon 4 trep yen nduweni kalungguhan S Pt Brg.

### 3. Sesulih Pitakon Bab

Sesulih pitakon bab iki diperang maneh dadi loro adhedhasar akehe bab sing dikarepake ukara pitakon, yaiku a) sesulih pitakon bab jamak, lan b) sesulih pitakon bab tunggal. Luwih jangkepe ana ngisor iki.

#### a. Sesulih Pitakon Bab Jamak

Sesulih pitakon bab jamak dituduhake ing limang ukara dhata ing ngisor iki.

- (5) Ida nakokna paran baen?  
‘Ida nakakake apa wae?’

	<u>Ida</u>	<u>nakokna</u>	<u>paran baen?</u>
W	T Ar	T Kr	F Pt
G	Je	Wa	Le
K	Prg	Kr Td	S Pt bab

Ukara ing ndhuwur nuduhake yen frasa “paran baen” nduweni kalungguhan S Pt bab. Tembung “paran” utawa “apa” sajrone frasa kasebut dadi sesulih wangsulan

pitakon arupa bab-bab kang ditakokake Ida. Dene tembung “baen” utawa “wae” nyethakake yen ukara pitakon kasebut kudu diwangsulni arupa bab kang cacache luwih saka siji. Frasa “paran baen” minangka frasa kang nyatakake takon sajrone ukara pitakon kasebut, mula anane frasa kasebut maujud Fr Pt. Andharan ing ndhuwur nuduhake yen Fr Pt “paran baen” utawa “apa wae” nduweni kalungguhan S Pt Bab Jamak. Diarani mangkono bisa dibuktekake ing ngisor iki.

- (5a) Ida nakokna *sapa baen?*  
Ida nakokake *sapa wae?*  
(5b) Ida *ngajak* paran baen?\*  
‘Ida *ngajak* apa wae?’\*

Ukara pitakon ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 5a owah-owahan dituduhake mapan ing Fr Pt “sapa wae”, nalika diowahi mangkono ndadekake ukara pitakon kasebut nduweni makna kang beda, jalaran anae Fr Pt “sapa baen” kasebut nduweni makna kanggo nakoake utawa nyulihni ngenani pawongan kang cacache luwih saka siji. Dene ing ukara pitakon 5b owah-owahane dituduhake ing T Kr “ngajak”, T Kr kasebut nalika digandhengake Fr Pt “paran baen” utawa “apa wae” nyata ora sambung. Sawise dibuktekake kaya mangkono, bisa diarani yen Fr Pt “paran baen” utawa “apa wae” sajrone ukara pitakon 5 trep nduweni kalungguhan S Pt Bab.

#### b. Sesulih Pitakon Bab Tunggal

Sesulih pitakon bab tunggal bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (6) Rabirika mergawe paran?  
‘Bojomu mergawe apa?’

	<u>Rabirika</u>	<u>Mergawe</u>	<u>paran?</u>
W	Fr Ar	T Kr	T Pt
G	Je	Wa	Gg
K	Prg	Kr	S Pt bab

Andharan kasebut nuduhake tembung “paran” maujud T Pt sajrone ukara pitakon kasebut. bab iki jalaran anane tembung “paran” utawa “apa” kang dadi modhus pitakon sajrone ukara pitakon ing ndhuwur. Dene tembung “paran” utawa “apa” nduweni kalungguhan S Pt bb, bisa dibuktekake ing ngisor iki.

- (6a) Rabirika mergawe *sepira?*\*  
‘Bojomu mergawe *sepira?*’\*  
(6b) Rabirika *ngancani* paran?\*  
‘Bojomu *ngancani* apa?’\*

Rong ukara pitakon ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 6a owah-owahan dituduhake T Pt “sepira”, nalika diowahi kaya mangkono ndadekake ukara kasebut ora sambung. Dene ing ukara pitakon 6b owah-owahane dituduhake T Kr “ngancani”, T Kr kasebut lumrahe ngener dening pawongan, nalika digandhengake T Pt “paran” utawa “apa” nyata ora bisa sambung. Sawise dibuktekake mangkono nyata yen anane T Pt “paran” utawa “apa” ing ukara pitakon 6 pancen nyulihni wangsulan ngenani bab. Mula dirasa trep

yen T Pt “paran” utawa “apa” nduweni kalungguhan S Pt Bab.

#### 4. Sesulih Pitakon Panggon

Sesulih pitakon panggon ing panliten diperang dadi telu, yaiku a) sesulih pitakon sangkan, b) sesulih pitakon dunung, lan c) sesulih pitakon tujuwan. Andharan lan jlentrehan jangkepe ing ngisor iki.

##### a. Sesulih Pitakon sangkan Panggon

Sesulih pitakon sangkan iki, diperang maneh dadi loro adhedhasar akehe sangkan kang wis dilakoni utawa diparani, yaiku 1) sesulih pitakon sangkan panggon jamak, lan 2) sesulih pitakon sangkan tunggal. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

##### 1) Sesulih Pitakon Sangkan Panggon Jamak

Sesulih pitakon sangkan panggon jamak bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (7) Anake Joni buruh saka ngendi baen?  
‘Anake Joni buruh saka ngendi wae?’

	<u>Anake Joni</u>	<u>buruh</u>	<u>saka ngendi baen?</u>
W	Fr Ar	T Kr	Fr Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Pnd	Kr Td	S Pt Skn

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen frasa “saka ngendi baen” minangka Fr Pt lan dadi sesulih saka wangsulan ukara pitakon ing ndhuwur. Fr Pt “saka ngendi baen” utawa “saka ngendi wae” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Skn, bisa mangkono jalaran nyulih wangsulan arupa sangkane panggon. Prekara kasebut bisa dibuktakake ing ngisor iki.

- (7a) Anake Joni buruh *pira*?\*  
‘Anake Joni buruh *pira*?’\*  
(7b) Anake Joni *pileg* saka ngendi baen?\*&#x2D; Anake Joni *pileg* saka ngendi wae?\*

Rong ukara pitakon ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 7a owah-owahan dituduhake T Pt “pira”, nalika diowahi kaya mangkono ndadekake ukara kasebut ora sambung, jalaran anane T Kr “buruh” ora sambung yen ditakokake ukurane T Pt “pira”. Dene ing ukara pitakon 7b owah-owahan dituduhake T Kr “pileg”, T Kr kasebut lumrahe ngener marang kahanane pawongan, dene nalika digandhengake Fr Pt “saka ngendi baen” nyata ora sambung.

##### 2) Sesulih Pitakon Sangkan Panggon Tunggal

Andharan lan njlentrehan sesulih pitakon sangkan tunggal bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (8) Saka ngendi Rudi njuwut jeruk?  
‘Saka ngendi Rudi njipuk jeruk?’

	<u>Saka ngendi</u>	<u>Rudi</u>	<u>njuwut</u>	<u>jeruk?</u>
W	Fr Pt	T Ar	T Kr	T Ar
G	Kat	Je	Wa	Le
K	S Pt Skn	Prg	Kr Td	Pnd

Andharan kasebut nuduhake yen frasa “saka ngendi” maujud Fr Pt lan nduweni kalungguhan S Pt Skn. Diarani maujud Fr Pt jalaran frasa dadi modhus pitakon

sajrone ukara kasebut. Dene nduweni kalungguhan S Pt Skn lan nyulih wangsulan arupa panggon, yaiku nyulih wangsulan ngenani sangkane anggane Rudi njuwut jeruk. Ing ngisor iki bakal dibuktakake yen anane Fr Pt “saka ngendi” pancen nduweni kalungguhan S Pt Skn.

- (8a) *Paran baen* njuwut jeruk?\*&#x2D; ‘*Pawan wae* njipuk jeruk?’\*  
(8b) Saka ngendi *ngrabine Yuyut*?\*&#x2D; ‘Saka ngendi *ngrabine Yuyut*?’\*

Ukara pitakon 8a nuduhake anane Fr Pt “paran baen” digunakake kanggo nyulih Fr Pt “saka ngendi” ing ukara pitakon 8. Sawise diowahi Fr Pt kanthi Fr Pt “paran baen”, ndadekake ukara pitakon 8a ora muni. Dene ing ukara pitakon 8b owah-owahan dituduhake Fr Kr “ngrabine yuyut”, anane Fr Kr nyatakake pakaryan dirabine yuyut, dene nalika digandhengake Fr Pt “saka ngendi” ndadekake ukara 8b ora bisa muni. Sawise dibuktakake mangkono mula dirasa trep yen anane Fr Pt “saka ngendi” ing andharan kasebut dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Skn.

##### b. Sesulih Pitakon Dunung panggon

Sesulih pitakon dunung panggon iki, diperang maneh dadi loro adhedhasar akehe dunung kang wis dilakoni utawa diparani, yaiku 1) sesulih pitakon dunung panggon jamak, lan 2) sesulih pitakon dunung tunggal. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

##### 1) Sesulih Pitakon Dunung panggon Jamak

Sesulih pitakon dunung panggon jamak bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (9) Rika dodolan nong ngendi baen?  
‘Kowe dodolan nong ngendi wae?’

	<u>Rika</u>	<u>Dodolan</u>	<u>nong ngendi baen?</u>
W	T Ar	T Kr	Fr Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Prg	Kr	S Pt Dng

Andharan kasebut nuduhake ukara pitakon kanthi anane frasa “nong ngendi baen” kang nyatakake pitakon ing ukara kasebut, mula frasa kasebut nduweni wujud Fr Pt. Dene anane tembung “baen” utawa “wae” ing frasa kasebut nuduhake dunung anggane dodolan luwih saka siji, lan wangsulan arupa panggon luwih saka siji. Andharan ing ndhuwur nuduhake yen Fr Pt “nong ngendi baen” nduweni kalungguhan S Pt Dng jamak. Prekara kasebut bisa dibuktakake kaya ing ngisor iki.

- (9a) Rika dodolan *sapa*?\*&#x2D; ‘Kowe dodolan *sapa*?’\*  
(9b) Rika *ngrab*i nong ngendi baen?\*&#x2D; ‘Kowe *ngrab*i neng ngendi wae?’\*

Rong ukara pitakon ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 9a owah-owahan dituduhake T Pt “sapa”, nalika diowahi kaya mangkono ndadekake ukara kasebut ora sambung, jalaran ora gathuk nalika digandhengake T Kr “dodolan prakara iki

ndadekake ukarane mokal. Dene ing ukara pitakon 9b nalika digandhengkake Fr Pt “nong ngendi baen” nyata ora bisa sambung. Sawise dibuktekake mangkono mula dirasa trep yen anane Fr Pt “nong ngendi baen” ing ukara pitakon 9 nduweni kalungguhan S Pt Dng jamak.

## 2) Sesulih Pitakon Dunung Panggon Tunggal

Sesulih pitakon dunung panggon tunggal bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (10) Jono manggon nong ngendi?  
‘Jono mangan neng ngendi?’

	<u>Jono</u>	<u>Manggon</u>	<u>nong ngendi?</u>
W	T Ar	T Kr	Fr Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Prg	Kr Td	S Pt Dng

Andharan kasebut nuduhake yen frasa “nong ngendi” utawa “neng ngendi” maujud Fr Pt lan nduweni kalungguhan S Pt Dng. Diarani maujud Fr Ar jalaran frasa kasebut nyatakake pitakon sajrone ukara ing ndhuwur. Tembung “nong” utawa “neng” nduweni teges ngener marang wangsulan ngenani dunung, dene tembung “ngendi” ing frasa kasebut nyulih panggone.

Dene dituduhake nduweni kalungguhane S Pt Dng, bab kasebut dibuktekake ing ngisor iki.

- (10a) Jono manggon *sepira*?\*  
‘Jono manggon *sepira*?’\*  
(10b) Jono *ngelak* nong ngendi?\*  
‘Jono *ngelak* neng ngendi?’\*

Ukara pitakon 46a nuduhake anane T Pt “sepira” digunakake kanggo nyulih Fr Pt “nong ngendi” ing ukara pitakon 10. Sawise diowahi kanthi tembung “kapan” ndadekake ukara 10a ora sambung. Dene ukara pitakon 10b anane owah-owahan dituduhake T Kr “ngelak”, nalika diowahi mangkono ndadekake ora gathuk nalika digandhengkake Fr Pt “nong ngendi” utawa “neng ngendi”. Sawise dibuktekake mangkono mula dirasa trep yen anane Fr Pt “nong ngendi” ing andharan kasebut dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Dng.

## c. Sesulih Pitakon Tujuwan panggon

Sesulih pitakon tujuwan panggon iki, diperang maneh dadi loro adhedhasar akehe tujuwan, yaiku 1) sesulih pitakon tujuwan panggon jamak, lan 2) sesulih pitakon tujuwan panggon tunggal. Andharan lan njlentrehan jangkepe ing ngisor iki.

### 1) Sesulih Pitakon Tujuwan Panggon Jamak

Sesulih pitakon tujuwan panggon jamak bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (11) Deni dolan menyang ngendi baen?  
‘Deni dolan menyang ngendi wae?’

	<u>Deni</u>	<u>dolan</u>	<u>menyang ngendi baen?</u>
W	T Ar	T Kr	Fr Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Prg	Kr	S Pt Tjw

Andharan ing ndhuwur nuduhake ukara pitakon kanthi anane frasa “menyang ngendi baen” kang maujud Fr Pt lan nduweni kalungguhan S Pt Tjw. Diarani maujud

Fr Pt jalaran dadi frasa sing nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Anane tembung “baen” utawa “wae” kang rumaket karo frasa “menyang ngendi” sajrone ukara kasebut nuduhake yen panggon sing disulih utawa sing dadi wangsulan iku luwih saka sapanggon.

Andharan ndhuwur dituduhake yen anane Fr Pt “menyang ngendi baen” nduweni kalungguhan S Pt Tjw. Mula dibuktekake ing ngisor iki.

- (11a) Deni dolan *sapa baen*?\*  
‘Deni dolan *sapa wae*?’\*  
(11b) *Rizal lara* menyang ngendi baen?\*  
‘*Rizal lara* menyang ngendi wae?’\*

Ukara pitakon 11a wis diowahi lan nggunakake Fr Pt “sapa baen”. Sawise disulih nganggo Fr Pt kasebut, ndadekake ukara pitakon 11a ora sambung jalaran nakokake pawongan, kamangka ing ukara 51a wis ana pawongan sing nglakoni pakaryan dolan. Dene ing ukara pitakon 11b owah-owahan dituduhake Fr Kh “Rizal lara”, nalika digandhengkake Fr Pt “menyang ngendi baen” ndadekake ukara pitakon kasebut mokal. Mula yen anane Fr Pt “menyang ngendi baen” ing andharan kasebut dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Tjw Jmk bisa ditampa.

### 2) Sesulih Pitakon Tujuwan panggon Tunggal

Sesulih pitakon tujuwan panggon tunggal bisa dituduhake limang dhata ing ngisor iki.

- (12) Wawan mlayu menyang ngendi?  
‘Wawan mlayu menyang ngendi?’

	<u>Wawan</u>	<u>Mlayu</u>	<u>menyang ngendi?</u>
W	T Ar	T Kr	Fr Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Prg	Kr Td	S Pt Tjw

Andharan bisa dideleng yen frasa “menyang ngendi” nduweni maujud Fr Pt lan nduweni kalungguhan S Pt Tjw kang nyulih tujuwan panggon. Sajrone frasa “menyang ngendi” tembung “menyang” nduweni teges kedadeyan kasebut durung dilakoni lan ngener marang tujuwan mujudake kadadeyan utawa pakaryan kang ditakokake lagi dilakoni, utawa arep dilakoni. Andharan ing ndhuwur nuduhake yen anane Fr Pt “menyang ngendi” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Tjw tunggal. Prekara kasebut bisa dibuktekake ing ngisor iki.

- (12a) Wawan mlayu *paran*?\*  
Wawan mlayu *apa*?\*  
(12b) Wawan *nangisi* menyang ngendi?\*  
‘Wawan *nangisi* menyang ngendi?’\*

Ing ukara pitakon 12a owah-owahan dituduhake T Pt “paran”, nalika diowahi mangkono ndadekake ukarane ora sambung, jalaran anane klausa “wawan mlayu” yen digandhengkake T Pt “paran” utawa “apa” tanpa anane tembung panyilah “sing” ndadekake ukara kasebut owah dadi pitakon kanggo mesthekake. Dene ing ukara pitakon 12b owah-owahan dituduhake T Kr “nangisi”, nalika digandhengkake Fr Pt “menyang ngendi” nyata ora bisa sambung, jalaran T Kr “nangisi” nyatakake



pakaryan kang asipat statif. Sawise dibuktekake mangkono dirasa trep yen anane Fr Pt “menyang ngendi” diarani nduweni kalungguhan S Pt Tjw tunggal.

### 5. Sesuluh Pitakon Wektu

Ing subbab iki sesuluh pitakon wektu adhedhasar wektu kang ditakokake diperang dadi loro, yaiku a) sesuluh pitakon wektu cacah, b) sesuluh pitakon arane wektu. Luwih jangkepe diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

#### a. Sesuluh Pitakon Wektu cacah

Sesuluh pitakon wektu cacah utawa angka bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

(13) Sasi pira Warno terbang menyang Malaysia?

‘Sasi pira Warno terbang menyang Malaysia?’

	<u>Sasi pira</u>	<u>Warno</u>	<u>terbang</u>	<u>menyang Malaysia?</u>
W	Fr Pt	T Ar	T Kr	Fr Ar
G	Kat	Je	Wa	Kat
K	S Pt Wkt	Prg	Kr Td	Ppn

Andharan kasebut nuduhake ukara pitakon kanthi frasa pitakon “sasi pira” minangka sesuluh wangsuln kang arupa wektu warno budhal menyang Malaysia. Frasa “sasi pira” iki kawangung saka rongtembung, yaiku “sasi” lan “pira”. Tembung “sasi” nyethakake yen wangsuln wektu nggunakake satuwan “sasi”, dene “pira” nyethakake urutane satuwan wektu. Ing ngisor bakal dibuktekake yen anane Fr Pt “sasi pira” nduweni kalungguhan S Pt Wktu cacah.

(13a) *Sepira* Warno menyang Malaysia?\*

‘*Sepira* Warno menyang Malaysia?’\*

(13b) Sasi pira *carane nggawe Roti*?\*

‘Sasi pira *carane nggawe Roti*?’\*

Ing ukara pitakon 13a owah-owahan dituduhake T Pt “sepira”, nalika diowahi mangkono ndadekake ukarane ora sambung. Dene ing ukara pitakon 13b owah-owahan dituduhake Fr Kr “carane nggawe roti”, nalika digandhengake Fr Pt “sasi pira” nyata ora bisa sambung, jalaran Fr Kr “carane nggawe roti” kudune nganggo T Pt kang nakokake cara. Sawise dibuktekake kanthi nyulih Fr Pt kasebut, nyata yen anane Fr Pt “sasi pira” sajrone ukara pitakon 13 pancen nduweni kalungguhan S Pt Wkt angka.

#### b. Sesuluh Pitakon Arane Wektu

Sesuluh pitakon arane wektu dituduhake dhata ing ngisor iki.

(14) Dina paran Agung mangkat menyang Jakarta?

‘Dina apa Agung mangkat menyang Jakarta?’

	<u>Dina paran</u>	<u>Agung</u>	<u>Mangkat</u>	<u>menyang Jakarta?</u>
W	Fr Pt	T Ar	T Kr	Fr Ar
G	Kat	Je	Wa	Kat
K	S Pt Wkt	Prg	Kr Td	Ppn

Andharan kasebut nuduhake ukara pitakon kanthi frasa “dina paran”. Anane frasa “dina paran” utawa “dina apa” minangka sesuluh saka wangsuln ukara

pitakon kasebut kang arupa wektu kanthi satuwan dina. Frasa “dina paran” utawa “dina apa” kawangung saka rongtembung, yaiku “dina” lan “paran” utawa “apa”. Tembung “dina” ngener marang wangsuln wektu kanthi satuwan wektu arupa dina, dene “apa” ngener marang arane dina. Andharan ing ndhuwur nuduhake yen Fr Pt “dina paran” nduweni kalungguhan S Pt Wkt yaiku arane wektu. Ing ngisor iki bakal dibuktekake.

(14a) *Dina pira* Agung mangkat menyang Jakarta?\*

‘*Dina pira* Agung mangkat menyang Jakarta?’\*

(14b) Dina paran *srengenge metu*?\*

‘Dina apa *srengenge metu*?’\*

Ukara pitakon kasebut nuduhake yen Fr Pt “dina paran” diowahi nganggo Fr Pt “dina pira”. Sawise diowahi mangkono ukara pitakon 14a ora sambung, jalaran ora ana satuwan wektu dina kang diwujudake nganggo angka utawa cacah. Dene ing ukara pitakon 14b owah-owahan dituduhake Fr Kh “srengenge metu”. Nalika digandhengake Fr Pt “dina apa” ndadekake ukara pitakon kasebut nduweni teges kang mokal. Saka jlentrehane kasebut bisa nyethakake yen anane Fr Pt “dina paran” ing ukara pitakon 14 nduweni kalungguhan S Pt Wkt, yaiku arane wektu.

### 6. Sesuluh Pitakon Wayah

Sesuluh pitakon wayah iki adhedhasar wayah kedadeyan kang dilakoni diperang dadi telu, yaiku a) sesuluh pitakon kepungkur, b) sesuluh pitakon wayah saiki, lan sesuluh pitakon wayah tembe. Andharan lan jlentrehane ing ngisor iki.

#### a. Sesuluh Pitakon Wayah Kepungkur

Sesuluh pitakon wayah kepungkur bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

(15) Dhek kapan Tari mbayi?

‘Dhek kapan Tari mbayi?’

	<u>Dhek kapan</u>	<u>Tari</u>	<u>mbayi?</u>
W	Fr Pt	T Ar	T Kr
G	Kat	Je	Wa
K	S Pt Kpr	Prg	Kr Td

Andharan kasebut nuduhake yen frasa “dhek kapan” maujud Fr Pt. Dirani maujud Fr Pt jalaran Frasa “dhek kapan” dadi frasa kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Tembung “dhek” ing frasa “dhek kapan” nduweni makna kedadeyan wis kelakon utawa wis rampung, mula kudu rumaket lan mapan ing ngarepe tembung “kapan”. Saka andharan ing ndhuwur bisa dideleng yen anane Fr Pt “dhek kapan” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Kpr. Prekara kasebut bisa dibuktekake jangkep ing ngisor iki.

(15a) *Sepira* Tari mbayi?\*

‘*Sepira* Tari mbayi?’\*

Rong ukara ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 15a owah-owahan dituduhake T Pt “sepira”, nalika diowahi mangkono ndadekake ukarane ora sambung, jalaran anane klausa

“Tari mbayi” iku nyatakake pakaryan Tari nglakoni mnayi, dene nalika digadhengake T Pt “sepira” kang nakokake ukuran ndadekake ukara kasebut ora sambung. Mula dirasa trep yen anane Fr Pt “dhek kapan” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Kpr.

**b. Sesulih Pitakon Wayah Saiki**

Sesulih pitakon wayah saiki dituduhake dhata ing ngisor iki.

- (16) Sepedhahe kokgawa kapan?  
‘Sepedhahe kokgawa kapan?’

	<u>Sepedhahe</u>	<u>kokgawa</u>	<u>kapan?</u>
W	Fr Ar	T Kr	T Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Pnd	Kr Tg	S Pt Ski

Andharan ing ndhuwur nuduhake ukara pitakon kanthi anane tembung “kapan” kang maujud T Pt. Diarani maujud T Pt jalaran tembung “kapan” dadi tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Dene T Pt “kapan” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Ski, jalaran dadi sesulih wangsulan arupa wayah saka kedadeyan kang lagi dilakoni. Bab kalungguhan S Pt Wyh saiki kasebut bisa dibuktekake ing ngisor iki.

- (16a) Sepedhahe kokgawa *sapa*?\*  
‘Sepedhahe kokgawa *sapa*?’\*

- (16b) *Ngopenine sepedha* kapan?\*  
*Ngopenine sepedha* kapan?\*

Ukara pitakon 16a wis diowahi lan nggunakake T Pt “sapa”. Sawise disulih nganggo T Pt kasebut, ndadekake ukara pitakon 16a ora sambung, jalaran anane T Pt “sapa” digunakake kanggo nakokake pawongan lan ora trep nalika digadhengake klausa “sepedhahe kokgawa”. Dene ukara pitakon 16b dituduhake diowahi ing klausa “ngopeni sepedha”, nalika diowahi mangkono nuduhake ukara pitakon kasebut mokal. Sawise dibuktekake mangkono, dirasa trep yen anane T Pt “kapan” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt wayah saiki.

**c. Sesulih Pitakon Wayah Tembe**

Sesulih pitakon wayah bisa dipriksa ing dhata ngisor iki.

- (17) Wati lunga suk kapan?  
‘Wati lunga suk kapan?’

	<u>Wati</u>	<u>lunga</u>	<u>suk kapan?</u>
W	T Ar	T Kr	Fr Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Prg	Kr	S Pt Tmb

Andharan kasebut nuduhake ukara pitakon kanthi anane frasa “suk kapan” kang maujud Fr Pt, diarani mangkono jalaran minangka frasa kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Anane frasa kasebut nuduhake yen kedadeyan ing ukara pitakon kasebut kang durung kelakon. Sajrone ukara pitakon kasebut anane Fr Pt “suk kapan” dituduhake manggoni guna Kat, bisa mangkono jalaran ukara ing ndhuwur wis ngemu Je lan Wa. Fr Pt “suk kapan” nduweni kalungguhan S Pt Tmb.

Prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi ngowahi Fr Pt kaya ing ngisor iki.

- (17a) Wati lunga *sepira*?\*  
‘Wati lunga *sepira*?’\*

- (17b) *Sedane Wati* suk kapan?  
‘*Sedane Wati* suk kapan?’

Rong ukara ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 17a owah-owahan dituduhake T Pt “sepira”, nalika diowahi mangkono ndadekake ukarane ora sambung, jalaran anane T Pt “sepira” lumrahe dinggo nakakoke ukarane kanthi dipindhakake. Dene ing ukara pitakon 17b owah-owahane dituduhake Fr Kr “sedane Wati”, nalika digadhengake Fr Pt “suk kapan” nyata ora bisa sambung. Sawise dibuktekake mangkono nyata yen anane Fr Pt “suk kapan” sajrone ukara pitakon 17 nduweni kalungguhan S Pt Tmb.

**7. Sesulih Pitakon Cacah**

Andharan lan jlentrehan sesulih pitakon cacah dituduhake limang dhata ing ngisor iki.

- (18) Wawan ngutil picis pira?  
‘Wawan ngutil dhuwik pira?’

	<u>Wawan</u>	<u>ngutil</u>	<u>picis</u>	<u>pira?</u>
W	T Ar	T Kr	T Ar	T Pt
G	Je	Wa	Le	Kat
K	Prg	Kr Td	Pnd	S Pt Cch

Andharan kasebut nuduhake ukara pitakon kanthi anane tembung “pira” kang maujud T Pt. Diarani mangkono jalaran minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Dene anane T Pt “pira” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Cch, bisa mangkono jalaran dadi sesulih wangsulan arupa cacah “dhuwit” sing dikutil Wawan. Bab kasebut dibuktekake ing ngisor iki.

- (18a) Wawan ngutil picis *sapa*?\*  
‘Wawan ngutil dhuwik *sapa*?’\*

- (18b) Wawan *cukur* pira?\*

Ukara pitakon 18a wis diowahi nggunakake T Pt “sapa”. T Pt “sapa” digunakake kanggo nakokake pawongan lan klausa “Wawan ngutil dhuwit” nuduhake anane Wawan nglakoni pakaryan njupuk dhuwik, mula nalika digadhengake nyata yen ora sambung. Dene ukara pitakon 18b dituduhake diowahi ing T Kr “cukur”. Nalika T Kr “cukur” digadhengake T Pt “pira” nyata ora bisa sambung. Sawise diowahi kanthi T Pt “sepira” nyata nuwuhake makna kang beda. Mula dirasa trep yen anane T Pt “pira” ing andharan kasebut dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Cch.

**8. Sesulih Pitakon Pepindhan**

Jlentrehan sesulih pitakon pepindhan dituduhake dhata ing ngisor iki.

- (19) Sepira tresnane Andi marang Novi?  
‘Sepira tresnane Andi marang Novi?’

<u>Sepira</u>	<u>tresnane Andi</u>	<u>marang Novi?</u>
---------------	----------------------	---------------------

W	T Pt	Fr Kr	Fr Ar
G	Wa	Je	Le
K	S Pt Ppd	Pnd	Pnp

Andharan kasebut nuduhake anane tembung “sepira” kang maujud T Pt. Anane tembung “sepira” maujud T Pt jalaran minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Tembung “Sepira” diarani nduweni kalungguhan S Pt Ppd, jalaran dadi sesulih wangsulan arupa ukaran kang diwujudake kanthi satuwan wujud liyane. Prekara kasebut bisa dibuktekake ing ngisor iki.

- (19a) *Pira* tresnane Andi marang Novi?\*
- ‘*Pira* tresnane Andi marang Novi?’\*

Ing ukara pitakon 19a owah-owahan dituduhake T Pt “pira”, nalika diowahi mangkono ndadekake ukarane ora sambung, jalaran anane Fr Kr “tresnane” minangka rasa kang ora bisa diitung cacahé. Mula dirasa trep yen anane T Pt “sepira” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Ppd.

### 9. Sesulih Pitakon Cara

Sesulih pitakon cara iki diperang maneh dadi telu, yaiku a) sesulih pitakon prasaja, b) sesulih pitakon konteks, lan c) sesulih pitakon protokoler. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

#### a. Sesulih Pitakon Prasaja

Sesulih pitakon prasaja bisa dideleng dhata ngisor iki.

- (20) Kelendi anak isun lara?  
‘Kepriye anakku lara?’

	<u>Kelendi</u>	<u>anak isun</u>	<u>lara?</u>
W	T Pt	Fr Ar	T Kh
G	Kat	Je	Wa
K	S Pt Prj	Pnd	Kr Kh

Andharan kasebut nuduhake ukara pitakon kanthi anane tembung “kelendi” utawa “kepriye” kang maujud T Pt. Diarani mangkono jalaran anane frasa kasebut minangka tembung kang nyatakake pitakon sajroen ukara kasebut, mula dituduhake maujud T Pt. Saliyane iku T Pt “kelendi” utawa “kepriye” dituduhake manggoni guna Kat, jalaran wis jangkep J lan Wa minangka unsur kang dadi konstuen utama, dene T Pt iki mung dadi konstituen panyengkuyung lan manggoni guna Kat. Ing ngisor iki dibuktekake yen anane T Pt “kelendi” utawa “kepriye” nduweni kalungguhan S Pt Prj.

- (20a) *Pira* anakisun lara?\*
- ‘*Pira* anakku lara?’\*

- (20b) Ø anakisun lara?  
‘Ø anakku lara?’

Sawise diowahi kaya kang ana ing ukara pitakon 20a owah-owahane ing T Pt “pira” minangka T Pt kang nakokake cacah, dene ing ukara kasebut digandhengake klausa “anakisun lara” ndadekake ukara pitakon kasebut ora sambung. Ing ukara pitakon 20b anane T Pt “kelendi” utawa “kepriye” diilangi. Sawise diilangi ukara pitakon

kasebut nduweni teges kanggo mesthekake yen anake pancen nandang lara, nanging anggane nakokake kudu nggunakake intonasi munggah. Saka jlentrehan kasebut bisa diarani yen T Pt “kelendi” sajrone ukara 20 iku nyulih wangsulan arupa cara utawa pitedah nalika anake lara.

#### b. Sesulih Pitakon Konteks

Sesulih pitakon konteks luwih jangkepe ing dhata ngisor iki.

- (21) Kelendi carane ngobat jeruk?  
‘Kepriye carane ngobat jeruk?’

	<u>Kelendi</u>	<u>carane ngobat</u>	<u>jeruk?</u>
W	T Pt	Fr Kr	T Ar
G	Kat	Wa	Je
K	S Pt Knt	Kr Tg	Pnd

Andharan kasebut nuduhake yen tembung “kelendi” utawa “kepriye” maujud T Pt. Diarani mangkono jalaran tembung “kelendi” utawa “kepriye” minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasesbut, mula maujud T Pt. Saliyane iku tembung “kelendi” utawa “kepriye” dituduhake kalungguhane S Pt Knt, bisa mangkono jalaran dadi sesulih wangsulan cara kang jangkep utawa njlimet, yaiku wiwit saka milih obat nganti rampunge ngobat. Bab kasebut bisa bakal dibuktekake ing ngisor.

- (21a) *Paran* carane ngobat jeruk?\*
- ‘*apa* carane ngobat jeruk?’\*

Rong ukara ing ndhuwur nuduhake anane saperangan tembung sing diowahi, ukara pitakon 21a owah-owahane ing T Pt “paran” utawa “apa” nduweni makna mesthekake bab kang dilakoni pancen tata cara ngobat jeruk, prekara kasebut nuduhake yen tegese beda karo ukara pitakon 21. Sawise dibuktekake mangkono dirasa trep yen anane T Pt “kelendi” sajrone ukara pitakon 21 dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Ktk.

#### c. Sesulih Pitakon Protokoler

Sesulih pitakon protokoleh dituduhake limang dhata ing ngisor iki.

- (22) Rantamane ngubur cara islam kelendi?  
‘rantamane ngubuer cara islam kepriye?’

	<u>Rantaman ngubur</u>	<u>miturut islam</u>	<u>kelendi?</u>
W	Fr Kr	Fr Ar	T Pt
G	Wa	Je	Kat
K	Kr Td	Faktor	S Pt Ptk

Andharan kasebut nuduhake anane tembung “kelendi” utawa “kepriye” maujud T Pt. Diarani ukara pitakon bisa dideleng kanthi anane tembung “kelendi” utawa “kepriye” minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. T Pt “kelendi” utawa “kepriye” iki dituduhake dadi sesulih wangsulan arupa tata cara ngubur miturut islam, kang kudu diwangsul kanthi urut lan ora bisa dilencat-lencat anggane mangsul.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen T Pt “kelendi” utawa “kepriye” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Ptk, prekara kasebut bisa dibuktekake ing ngisor iki.

(22a) Rantamane ngubur cara islam **menyang ngendi?**\*

‘Rantamane ngubuer cara islan **menyang ngendi?**\*

(22b) **Mlayu banter iku** kelendi?\*

‘**Mlayu banter iku** kepriye?’\*

Ukara ing ndhuwur nuduhake anane tembung sing diowahi, ukara pitakon 22a owah-owahane ing Fr Pt “menyang ngendi” minangka Fr Pt kang nakokake tujuwane panggon, dene ing ukara kasebut digandhengake karo klausa “rantamane ngubur cara islam”, prekara kasebut ndadekake ukara pitakon kasebut ora sambung. Ing ukara 22b owah-owahane dituduhake ing klausa “mlayu banter iku” nalika ditakokake nggunakake T Pt “kelendi” utawa “kepriye” ndadekake makna beda. Sawise dibuktekake mangkono, mula dirasa trep yen anane T Pt “kelendi” utawa “kepriye” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Ptk.

#### 10. Sesulih Pitakon Sebab

Jlentrehan jangkep ngenani sesulih pitakon sebab bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

(23) Nanang muring apuwa?

‘Nanang nesu ngapa?’

	<u>Nanang</u>	<u>muring</u>	<u>apuwa?</u>
W	T Ar	T Kh	T Pt
G	Je	Wa	Kat
K	Pnd	Kh	S Pt Sbb

Andharan kasesbut nuduhake ukara pitakon kanthi anane tembung “apuwa” utawa “kepriye” kang maujud T Pt. Diarani mangkono jalaran minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara ing ndhuwur, mula dituduhake nduweni wujud T Pt. Andharan ing ndhuwur nuduhake T Pt “apuwa” utawa “ngapa” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Sbb. Prekara kasebut bisa dibuktekake ing ngisor iki.

(23a) Nanang muring **pira?**\*

‘Nanang nesu **pira?**\*

(23b) **Ngguyune** apuwa?\*

‘**Ngguyune** ngapa?’\*

Ing ukara pitakon 23a owah-owahan dituduhake T Pt “sapa” kang gandheng karo Fr Kh “Nanang muring” minangka frasa kang nyatakake kahanan kang disandhang dening Nanang, dene nalika digandhengake T Pt “pira” ndadekake ukara pitakon kasebut ora sambung. Dene ing ukara pitakon 23b owah-owahane dituduhake frasa “ngguyune” kang nyatakake tumindak ngguyune, dene nalika digandhengake T Pt “apuwa” utawa “ngapa” ndadekake ukara pitakon kasebut nuwuhake makna sing beda. Sawise diowahi nyata yen nuwuhake makna sing beda, Mula dirasa trep yen anane T Pt “apuwa” ing ukara pitakon kasebut nduweni kalungguhan S Pt Sbb.

#### 11. Sesulih Pitakon Kahanan

Jlentrehan sesulih pitakon kahanan bisa dijingleng ing dhata ngisor iki.

(24) Kelendi mobile Abah hang rusak?

‘Kepriye mobile Abah sing rusak?’

	<u>Kelendi</u>	<u>mobile Abah</u>	<u>hang rusak?</u>
W	T Pt	Fr Ar	Fr Ar
G	Wa	Je	Kat
K	S Pt Khn	Pnd	Kh

Andharan kasebut nuduhake anane tembung “kelen di” utawa “kepriye” kang maujud T Pt. Diarani maujud T Pt jalaran minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. T Pt “kelendi” utawa “kepriye” minangka tembung kang dadi sesulih wangsulan ngenani kahanane barang. Andharan ing ndhuwur bisa dideleng yen T Pt “kelendi” utawa “kepriye” nduweni kalungguhan S Pt Khn. Prekara kasebut bisa dibuktekake ing ngisor iki.

(24a) **sapa** mobile Abah hang rusak?\*

‘sapa mobile Abah sing rusak?\*

(24b) Kelendi **nyetire** mobile Abah?\*

Kepriye **nyetire** mobile Abah?\*

Ukara pitakon 24a wis diowahi lan nggunakake T Pt “sapa”. Sawise disulih nganggo T Pt kasebut, ndadekake ukara pitakon 24a ora sambung, jalaran anane T Pt “sapa” digunakake kanggo nakokake pawongan lan ora trep nalika digandhengake klausa “mobile Abah sing rusak”. Dene ing ukara pitakon 24b diowahi T Kr “nyetire”, nalika digathukake T Pt “kelendi” utawa “kepriye” ndadekake ukara kasebut nduweni teges beda, yaiku ora nakokake kahanan nanging nakokake cara nyetire mobil. Mula bisa diarani yen anane owah-owahan frasa pitakone ndadekake owah makna saka ukara pitakone. Sawise dibuketakake mangkono nyata yen anane T Pt “kelendi” utawa “kepriye” sajrone ukara pitakon 24 nduweni kalungguhan S Pt Khn bisa ditampa.

#### B. Sesulih Pitakon ing Basa Jawa Banyuwangen kanthi Landhesan Tujuwane Pitakon Adhedhasar Triaspek Sintaksis

Sesulih pitakon kanthi landhesan tujuwane pitakon diperang dadi papat adhedhasar triaspek sintaksis. Perangan kasebut diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

##### 1. Sesulih Pitakon Nyatakake

Sesulih pitakon nyatakake dituduhake dhata ing ngisor iki.

(25) Sapa hang arep nulung lak rika penakilan?

‘sapa sing arep nulung lak kowe penakilan?’

	<u>Sapa</u>	<u>arep nulung lak rika</u>	<u>penakilan?</u>
W	T Pt	Fr Kr	
G	Wa	Je	
K	S Pt Ntk	Kr Td	

Andharan kasebut minangka ukara pitakon kanthi anane tembung “sapa” kang maujud T Pt. Diarani mangkono jalaran anane tembung kasebut minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Anane tembung Pt “sapa” kang nduweni kalungguhan S Pt Ntk, jalaran nyulahi pawongan lan nyethakake yen ora ana pawongan sing gelem nulung jalaran polahe sing penakilan kaya ngono. Mula anane T Pt sapa ing ndhuwur dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Ntk. Anane T Pt “sapa” kanggo pemeling yen ora ana pawongan de men karo polahe sing penakilan iku mau. Mula ukara pitakon ing ndhuwur dudu ukara pitakon sabener, nanging kanggo nyatakake pamenging.

(25a) **Paran** hang arep nulung lak rika penakilan?

**Apa** sing arep nulung lak rika penakilan?

(25b) **Sepira** hang arep nulung yen rika penakilan?\*

‘**Sepira** sing arep nulung yen kowe penakilan?’\*

Ukara pitakon 25a nuduhake owah-owahane dituduhake T Pt “paran” utawa “apa”, tembung kasebut nyatakake bab utawa barang kang arep nulung. Prekara kasebut nyethakake yen ukara 25a kasebut ora sambung jalaran pakaryan nulung iku lumrahe ditindakake dening pawongan. Dene ing dhata 25b sawise diowahi nganggo T Pt “sepira” ndadekake ukara kasebut oea sambung, jalaran pakaryan nulung ora bisa digambarake ukarane. Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen nalika T Pt kasebut diowahi ndadekake makna ukara pitakone owah. Mula dirasa trep yen T Pt “sapa” ing ukara 25 dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Ntk.

## 2. Sesulih Pitakon Mesthekake

Sesulih pitakon mesthekake luwih jangepe bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

(26) Rendra paran nggawa jaket isun?

‘Rendra apa nggawa jaketku?’

	<u>Rendra</u>	<u>Paran</u>	<u>nggawa</u>	<u>jaket isun?</u>
W	T Ar	T Pt	T Kr	Fr Ar
G	Je	Kat	Wa	Le
K	Prg	S Pt Mst	Kr Td	Pnd

Andharan kasebut nuduhake yen tembung “paran” utawa “apa” nduweni wujud T Pt lan nduweni kalungguhan S Pt Mst. Anane tembung “paran” ing ukara kasebut minangka tembung kang nyatakake pitakon, mula dituduhake maujud T Pt. Saliyane iku T Pt “paran” utawa “apa” kasebut ora nyulahi wangsuln ngenani barang utawa bab, nanging mung mesthekake lan diwangsulni nganggo “ya” utawa “ora” yen “Rendra nggawa jaketisun”. Andharan ing ndhuwur nuduhake yen T Pt “paran” utawa “apa” nduweni kalungguhan S Pt Mst, diarani mangkono bisa ing ngisor iki.

(26a) Rendra **pira** nggawa jaketisun?

‘Rendra **pira** nggawa jaketku?’\*

(26b) Rendra paran **klambine digawa?**\*

Rendra apa **klambine digawa?**\*

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen anane owah-owahan. Ukara pitakon 26a owah-owahane dituduhake T Pt “pira”, nalika diowahi mangkono ndadekake ukara pitakon kasebut ora sambung, jalaran anane T Pt “pira” ora bisa dinggo nakokake cacah ngenani pakaryan nggawa. Ing ukara 26b owah-owahane dituduhake frasa “klambine digawa”, nalika digandhengeke frasa kasebut ndadekake ukara kasebut ora sambung. Mula bisa diarani yen anane owah-owahan kasebut ndadekake makna ukarane beda. Dene nalika T Pt “paran” utawa “apa” ing ukara pitakon 26 kasebut nduweni kalungguhan S Pt Mst bisa ditampa.

## 3. Sesulih Pitakon Nyethakake

Jlentrehan sesulih pitakon bisa dideleng ing limang dhata ngisor iki.

(27) Paran bener Rio njuwut picise Roni?

‘Apa bener Rio njipuk dhuwite Roni?’

	<u>Paran bener</u>	<u>Rio</u>	<u>njuwut</u>	<u>picise Roni?</u>
W	Fr Pt	T Ar	T Kr	Fr Ar
G	Kat	J	Wa	L
K	S Pt Netk	Prg	Kr Td	Pnd

Andharan kasebut nuduhake ukara pitakon kanthi anane frasa “paran bener” utawa “apa bener” kang maujud Fr Pt. Diarani mangkono jalaran minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. anane frasa “paran bener” sajrone ukara kasebut nduweni tujuan kanggo nyethakake apa kang wis dilakoni “Rio”, yaiku “njuwut picise Roni”. Andharan ing ndhuwur bisa dideleng yen Fr Pt “paran bener” utawa “apa bener” nduweni kalungguhan S Pt Netk. Luwih cethane ing ngisor iki.

(27a) **Sapa** Rio njuwut picise Roni?\*

‘**Sapa** Rio njipuk dhuwite Roni?’\*

Rong ukara pitakon ing ndhuwur nuduhake anane owah-owahan. Ing ukara pitakon 27a owah-owahan dituduhake T Pt “sapa”, banjur digandhengeke karo klausa “Rio njuwut picise Roni” minangka frasa kang nyatakake pakaryan kang dilakoni Rio, dene nalika digandhengeke T Pt “sapa” ndadekake ukara pitakon kasebut ora sambung. Mula bisa diarani yen anane owah-owahan kasebut ndadekake ukara pitakon 27 makna ukarane beda lan bisa diarani yen anane Fr Pt “paran bener” utawa “apa bener” dituduhake nduweni kalungguhan S Pt Netk bisa ditampa.

## 4. Sesulih Pitakon Nemtokake Pilihan

Sesulih pitakon nemtakake pilihan gamblange bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

(28) Rika nganggo klambi iki paran iku?

‘Kowe nganggo klambi iki apa iku?’

	<u>Rika</u>	<u>nganggo</u>	<u>klambi iki</u>	<u>paran</u>	<u>iku?</u>
W	T Ar	T Kr	Fr Ar	T Pt	T Ar
G	Je	Wa	Le	Kat	Le
K	Prg	Kr Td	Pnd	S Pt Ntk	Pnd
				Plh	

Andharan kasebut nuduhake yen tembung “paran” dituduhake maujud T Pt lan nduweni kalungguhan S Pt Ntk Plh. Anane tembung “paran” utawa “apa” maujud T Pt, jalaran minangka tembung kang nyatakake pitakon sajrone ukara kasebut. Saliyane iku anane T Pt “paran” utawa “apa” minangka tembung kang dadi sesulih lan nyatakake pilihan anggane nganggo klambi, dene anane Fr Ar “klambi iki” lan T Ar “iki” nuduhake pilihahane. Dene anane tembung “paran” utawa “apa” ing anatarane pilahan wangsulan nuduhake yen Fr Pt iki nduweni kalungguhan S Pt Ntk Plh. Bab kaebut dbuktekake ing ngisor iki.

(28a) Rika nganggo klambi iki Ø iku?

‘kowe nganggo klambi iki Ø iku?’

(28b) Rika nganggo klambi iki *apuwa* iku?\*

‘Kowe nganggo klambi iki *apuwa* iku?’\*

Ukara pitakon 28a nuduhake yen T Pt “paran” utawa “apa” diilangi, nalika diilangi mangkono nyata ukara pitakon kasebut ora sambung, anatarane pilihan “iki” lan “iku” ora ana tembung sing bisa nyethakake nemtokake pilihan. Ing ukara 28b nuduhake yen T Pt “paran” utawa “apa” diowahi nganggo T Pt *apuwa*, nalika diowahi kasebut jebul ukara pitakon uga ora sambung, jalaran T Pt “*apuwa*” utawa “ngapa” ora bisa nyethakake pilihan anatarane “iki” lan “iku”. Sawise dibuketakake mangkono nyata yen anane T Pt “apa” utawa “paran” ing antarane pilihan sajrone ukara pitakon bisa sambung. Mula dirasa trep yen T Pt “paran” utawa “apa” nduweni kalungguhan S Pt Ntk Plh.

### Asile Panliten

Sawise dijlentrehake lan diandharake ngenani sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen ing nduwur, banjur bakal kaandharake ngenani asile panliten. Andharan lan jlentrehan panliten kasebut dimangerteni menawa sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen diperang adhedhasar triaspek kang salaras karo teori transformasi generatif. Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen ngasilake 15 Jinis sesulih pitakon. Sesulih pitakon kasebut dipantha kanthi landhesan isine pitakon lan tujuwane pitakon. Sesulih pitakon kanthi landhesan isine pitakon diperang maneh dadi suwelas adhedhasar triaspek sintaksise, yaiku (1) Sesulih pitakon pawongan, (2) sesulih pitakon barang, (3) sesulih pitakon bab, (4) sesulih pitakon panggon, (5) sesulih pitakon wektu, (6) sesulih pitakon wayah, (7) sesulih pitakon cacah, (8) sesulih pitakon pepindhan, (9) sesulih pitakon cara, (10) sesulih pitakon sebab, lan (11) sesulih pitakon kahanan. Dene sesulih kanthi landhesan tujuwane pitakon diperang dadi papat adhedhasar triaspke sintaksise, yaiku (1) sesulih pitakon nyatakake, (2) sesulih pitakon mesthekake, (3) sesulih pitakon nyethakake, lan (4) sesulih pitakon nemtokake pilihan. Sesulih pitakon kanthi

landhesan tujuwane pitakon iki mung nyulihhi wangsulan arupa “ya” utawa “ora” lan “bener” utawa “kleru” lan pilihan sajrone ukara pitakone.

### Dhiskusi Asile Panliten

Adhedhasar asil panliten, panliten iki kasil mantha jinis sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen dadi loro, yaiku sesulih pitakon kanthi landhesan isine pitakon lan sesulih pitakon kanthi landhesan tujuwan. Pepanthan kasebut beda karo pamawase Wedhawati (2001:242-244) kang mantha sesulih dadi loro adhedhasar pitakonane, yaiku (1) Sesulih pitakon berkorespondensi karo tembung sesulih purusa. (2) tembung sesulih pitakon berkorespondensi karo pronomina demokratif. Salaras karo Wedhawati, pamarsudi basa Sudaryanto (1991) uga mantha sesulih pitakon adhedhasar *berkorespondensi* karo sesulih *persona* lan sesulih pitakon *berkorespondensi* karo *pronomina demokratif*.

Panliten iki kasil merang jinise sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen dadi 15, yaiku kanthi landhesan isine pitakon kasil merang jinise sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen dadi 11, dene kanthi landhesan tujuwane pitakon kasil merang dadi patang jinis. Panemu kasebut beda karo pamawase Wedhawati (2001) kang kasil merang jinise dadi wolu yaiku sesulih pitakon berkorespondensi karo tembung sesulih persona iku cacah ana siji, sesulih kang dimaksud yaiku “sapa” lan tembung sesulih pitakon berkorespondensi karo pronomina demokratif iku cacah ana 7.

Adhedhasar dhiskusi ing ndhuwur, sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen kanthi landhesan isine pitakon, lan tujuwane pitakon adhedhasar triaspek sintaksis ngasile 15 jinis sesulih pitakon, kanthi landhesan isine pitakon ana 11 jinis sesulih pitakon lan kanthi landhesan tujuwane pitakon ana 4 jinis sesulih pitakon. Panliten ngenani iki kasil merang jinise sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen ngasilake perangan kang luwih akeh tinimbang panliten sadurunge, mula anane panliten iki bisa kanggo njangkepi panliten-panliten sadurunge.

### PANUTUP

Bageyan wekasan iki dijlentrehake dudutan lan pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Andharan luwih jangkepe mangkene.

### Dudutan

Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen sajrone panliten iki adhedhasar pitakone dipantha dadi loro yaiku, (1) Sesulih pitakon kanthi landhesan isine pitakon, lan (2) sesulih pitakon kanthi landhesan

tujuwane pitakon. Dene sesulih pitakon kanthi landhesan isine pitakon diperang dadi suwelas adhedhasar triaspek sintaksis, yaiku (1) Sesulih pitakon pawongan, (2) sesulih pitakon barang, (3) sesulih pitakon bab, (4) sesulih pitakon panggon, (5) sesulih pitakon wektu, (6) sesulih pitakon wayah, (7) sesulih pitakon cacah, (8) sesulih pitakon pepindhan, (9) sesulih pitakon cara, (10) sesulih pitakon alasan, lan (11) sesulih pitakon kahanan. Dene sesulih pitakon kanthi landhesan isine pitakon diperang dadi papat adhedhasar triaspek sintaksis, yaiku (1) sesulih pitakon nyathakake, (2) sesulih pitakon mesthekake, (3) sesulih pitakon nyethakake, lan (4) sesulih pitakon nemtokake pilihan. Dhata-dhata kasebut diandharake lan dijlentrehake adhedhasar triaspek sintaksis kang slaras karo teori transformasi generatif .

Panliten ngenani sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen iki ngasilake yen ana saperang sesulih pitakon kang blegere beda karo basa Jawa lumrahe, yaiku (1) tembung “apa” minangka sesulih pitakon pawongan, barang, bab, lan mesthekake yen ing basa Jawa Banyuwangen owah dadi “paran”, (2) tembung “kepriye” minangka sesulih pitakon cara lan kahanan yen ing basa Jawa Banyuwangen owah dadi “kelendi”, (3) tembung “ngapa” minangka sesulih pitakon alas an yen ing basa Jawa Banyuwangen owah dadi tembung “apuwa”, (4) frasa “sing endi” minangka sesulih pitakon nemtokake pilihan yen ing basa Jawa Banyuwangen owah dadi frasa “hang endi”. Senajan blegere beda, nanging tegese lan maknane padha karo basa Jawa lumrahe lan nalika dicakake sajrone ukara pitakon kontruksi utawa tata urutane uga padha karo ing basa Jawa lumrahe.

#### **Pamrayoga**

Asil panliten ngenani sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen iki isih akeh kurange, mula panliti ngarepake ana panyaru kang sipate mangun supaya panliten sabanjure bisa luwih apik. Saliyane kuwi panliten ngenani sesulih pitakon iki isih akeh kurange, jalaran ing panliten iki mung ngandharake lan njlentrehake sesulih pitakon kanthi dhasar triaspek sintaksise, lan isih ana babagan sesulih pitakon ing ukara pitakon kanthi dhasar pragmatike.

#### **KAPUSTAKAN**

- Adipitoyo, S. (1999). *Morfofonemik Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Pusat Pembinaan Dan Pengembangan N Nasional.
- Adipitoyo, Novi (2013). Tembung Sesulih Ing Basa Jawa Dhialek Surabaya Sub-Dhialek Mojokerto. *Baradha*, 1(3).
- Adipitoyo, S.(2013). Valensi Sintaksis Bahasa Jawa. Surabaya: Citra Wacana.
- Aloni, Maria.2007. *Questions in Dynamic Semantics*. University of Amsterdam: Elsevier.

- Alwasillah, Chaedar. 2011. *Beberapa Mazhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa.
- Alwi, Hasan. 2003. *Tatat Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: DepDikBud.
- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbit Soejadi
- Chaer, Abdul. 2008. *Morfologi Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- . 2009. *Psikolinguistik Kajian Teoritik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Keraf, Gorys. 1991. *Tata Bahasa Rujukan Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Grafindo.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka.
- Mahsun. 2012. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Raja Grafindo.
- Moeliono, Anton M. 1988. *Tata Baku Bahasa Indonesia*. Surabaya: Balai Pustaka.
- Moeljono, Dkk . 1986. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa Dialek Banyuwangi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Padmasusastra.1883. *paramabasa*. Surakarta
- Parera, J.D. 1998. *Sintaksis*. Yogyakarta: CV. Karyono.
- Poerwadarminta.1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta. Kebonsirih..
- Samsuri. 1985. *Tata Kalimat Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Sastra Hudaya.
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa: Memahami Bahasa Secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga..
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian Pertama: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Sudaryanto. 1991, *Tata Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana Press
- Verhaar, J.W.M. 1996. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wedhawati. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional
- . 2005. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Penerbit KANISIUS.
- Wijaya, IDP. 1980. *Kalimat Tanya dalam Bahasa Indonesia*. Tesis S2. Yogyakarta: Fakultas Sastra UGM.